

### **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan nyaéta cara panalungtik pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun data, tur nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Aya dua métode panalungtikan nu ilahar dilaksanakeun nyaéta métode kuantitatif jeung métode kualitatif (Soegiyono, 2013, kc. 7). Éta métode-métode téh tangtuna miboga léngkah-léngkahna séwang-séwangan. Ieu panalungtikan téh kaasup kana wanda panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Soegiyono (2013, kc. 8) métode panalungtikan kualitatif téh disebut métode panalungtikan naturalistik sabab panalungtikan nu dilaksanakeun téh dina kaayaan anu alamiah (*natural setting*); disebut ogé panalungtikan ethnographi, sabab mimitina mah ieu métode téh remen dipaké pikeun panalungtikan dina widang antropologi budaya. Lian ti éta, ditegeskeun ku Sahir (2022, kc. 6) yén panalungtikan kualitatif nyaéta métode kalayan prosés panalungtikan dumasar persépsi dina hiji kajadian kalayan pamarekan datana ngahasilkeun déskripsi mangrupa kalimah tina objék panalungtikan.

Anu jadi objék panalungtikan nyaéta kasenian calung di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung, ku sabab ieu kasenian téh miboga ajén anu kacida luhungna. Salah sahiji contona nyaéta ku ayana ieu kasenian calung téh bisa ngaraketkeun silurrahmi antara sasama panongton, panongton jeung pamaén, sarta antara pamaén jeung pamaén Léngkah nu dilakonan dina ieu panalungtikan téh nyaéta ngumpulkeun jeung nganalisis data fakta nu aya di lapangan. Ieu panalungtikan téh museur kana kasenian calung; prak-prakan mintonkeun kasenian calung; waditra jeung properti naon waé nu dipaké dina kasenian calung; fungsi jeung peran kasenian calung di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung; tur ajén-ajén budaya nu nyangkaruk dina kasenian calung di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung.


### 3.1. Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang atawa gambaran pikeun panalungtikan, sangkan panalungtik bisa ngalakonan panalungtikanana kalawan jelas léngkah-léngkahna. Desain panalungtikan ngawengku prosés ieu dihandap.

- 1) Ngidéntifikasi jeung nangtukeun rumusan masalah/pasualan panalungtikan.
- 2) Ngumpulkeun data ku cara studi pustaka, obsérvasi ka lapangan, wawancara jeung narasumber, tur sagala data nu aya di lapangan téh didokuméntasikeun.
- 3) Data panalungtikan dianalisis klayan maké téhnik analisis unsur langsung.
- 4) Sabada dianalisis, tuluy data didéskripsikeun.
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.
- 6) Nyusun laporan hasil panalungtikan.

Saupama digambarkeun sacara gurat badag, desain dina ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun prak-prakan mintonkeun kasenian calung, waditra jeung properti anu dipaké dina kasenian calung, fungsi jeung peran kasenian calung di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung. Ajén budaya naon waé anu nyampak jeung nyangkaruk dina kasenian calung. Anapon desain panalungtikan nu dilaksanakeun aya sababaraha tahapan, saperti ieu di handap.

**Bagan 3.1**  
*Desain Panalungtikan*



### **3.2. Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan**

#### **3.2.1. Sumber Data Panalungtikan**

Sumber data dina panalungtikan mangrupa hal anu kacida pentingna, sabab sumber data bakal mangaruh kana hasil panalungtikan. Ku kituna, sumber data jadi bahan tinimbang dina nangtukeun métodé ngumpulkeun data. Sumber data ngawengku data primér jeung sekunder (Soegiyono, 2013, kc. 225).

##### **1) Data Primér**

Data primér nyaéta data nu asalna langsung ti respondén atawa objék anu ditalungtik atawa aya pakaitna jeung objék anu ditalungtik. Éta data asalna langsung ti personal anu ditalungtik atawa langsung ti lapangan. Dina ieu panalungtikan dicangking data primér anu asalna langsung ti lapangan, nyaéta ku ngawawancara ka para pimpinan grup, seniman, sesepuh, jeung nu séjénna nu apal sacara jero kana kasenian calung.

##### **2) Data Sekunder**

Data sekunder nyaéta data nu geus tiheula dikumpulkeun jeung dilaporkeun ku salah saurang atawa instansi di luar panalungtikan sorangan, sanajan nu dikumpulkeun éta mangrupa data asli. Data sekunder bisa dibeunangkeun ti instansi-instansi, pabukon, jeung pihak séjénna. Data sekunder dina ieu panalungtikan téh nyaéta hasil tina jurnal, skripsi, buku, jeung data séjén nu ngarojong sangkan data jadi relevan.

Nurutkeun Lofland (dina Maléong, 2007, kc. 157) nétélakeun yén sumber data utama dina hiji panalungtikan kualitatif téh nyaéta kekecapan, jeung paripolah, satuluyna mah kaasup data tambahan nyaéta dokumen jeung sajabana. Pikeun ngababarikeun dina ngidéntifikasi sumber data, Arikunto (2010, kc. 172) ngapasing-pasing jadi *3P*, nyaéta *person, place, jeung paper*.

P = *person*, sumber data mangrupa jalma, sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara dumasar kana instrumén wawancara nu geus disusun.

P = *place*, sumber data mangrupa tempat, nyaéta sumber data nu nemongkeun hal nu cicing jeung usik, contona rohangan, kalengkepan, alat, wujud barang, kalakuan atawa paripolah, jrrd..

P = *paper*, sumber data mangupa simbol, nyaéta data nu némbongkeun tanda-tanda mangrupa hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén, cindekna mah bisa disebut métode dokumentasi.

Panalungtikan ngeunaan kasenian calung di Majalaya ngagunakeun panalungtikan déskriptif kalayan pamarekan kualitatif. Saterusna anu jadi sumber data ieu panalungtikan téh nyaéta jalma anu dianggap pewaris aktif (*active bearer*) kaasup para sesepuh atawa kokolot di éta wewengkon jeung jalma anu mikanyaho kana ieu seni calung ti bihari nepi ka kiwari. Lian ti éta ogé, pustaka-pustaka nu patali jeung ieu panalungtikan.

Panalungtikan ngeunaan kasenian calung di Kacamatan Majalaya Kabupatén Bandung ngagunakeun téhnik sampel *bertujuan* (*purposing sampling*) dumasar kana udagan husus, anu teu méngpar tina ciri-ciri sampel/informan anu ditangtukeun

### 3.2.1.1. Kritéria Informan

Informan atawa subjék panalungtikan nyaéta jalma anu dijadikeun bahan dina maluruh sumber data panalungtikan atawa jawaban-jawaban dina ieu panalungtikan.

Informan atawa jalma nu dijadikeun sumber informasi kudu nyumponan kana kritéria nu geus ditangtukeun sangkan anu dipaluruh bisa kapaluruh. Dina prosés maluruh informasi atawa niténan salah saurang informan, tangtu kualitas data anu dicangking gumantung kana kualitas informan éta sorangan. Dina ieu panalungtikan ditangtukeun sababaraha kritéria, di antarana:

- a. Boga kalungguhan husus di yayasan seni atawa sanggar seni atawa grup seni anu sok mintonkeun kasenian calung.
- b. Apal kana prak-prakan mintonkeun kasenian calung, fungsi kasenian calung, jeung ajén budaya nu aya dina kasenian calung.
- c. Individu nu sadia méré informasi nu dibutuhkeun.

**Tabél 3.1 Biodata Informan**

| No. | Biodata Informan   |  | Poto |
|-----|--|--|------|
| 1.  | Wasta : Adang Bendo<br>Yuswa : 70 taun<br>Pakasaban : Seniman<br>Atikan : SD<br>Alamat : Kp. Pisitan Desa Sindangsari                |  |      |
| 2.  | Wasta : Dedi (Gandari)<br>Yuswa : 60 taun<br>Pakasaban : Seniman<br>Atikan : SLTA<br>Alamat : Kp. Ciséro Desa Sudi                   |  |      |
| 3.  | Wasta : Yujéng<br>Yuswa : 64 taun<br>Pakasaban : Seniman<br>Atikan : SLTP<br>Alamat : Kp. Rumacaang<br>Desa Wangisagara              |  |      |
| 4.  | Wasta : Mahpud, S.Pd., M.Sn<br>Yuswa : 50 taun<br>Pakasaban : Guru (PNS)<br>Atikan : S-2 Seni<br>Alamat : Kp. Pasir Angin Desa Talun |  |      |

### 3.2.2. Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan perenahna di Kacamatan Majalaya nyaéta salah sahiji kacamatan anu aya di Kabupatén Bandung, Provinsi Jawa Barat. Kacamatan Majalaya ngawates jeung sababaraha kacamatan sabudeureunana diantarana, di

beulah kalér ngawates jeung Kacamatan Solokanjeruk, Kacamatan Ciparay di beulah wétan, Kacamatan Pacét di beulah Kidul, jeung Kacamatan Paséh jeung Ibun di beulah kulon.

Sacara géografis Kacamatan Majalaya rélatif datar, iwal di beulah kidul mah rada luhur. Walungan Citarum ngagurat Kacamatan Majalaya. Majalaya jadi panghubung antara Kota Bandung jeung Kabupatén Garut via Cipajapati jeung Kamojang.

Kacamatan Majalaya diwengku ku 11 désa nyaéta Désa Bojong, Désa Majalaya, Désa Padamulya, Désa Majasétra, Désa Sukamukti, Désa Biru, Désa Padaulun, Désa Majakerta. Désa Neglasari. Désa Sukamaju, jeung Désa Wangisagara (PPID Kabupaten Bandung, 2022).

Ieu panalungtikan téh museur di salah sahiji grup kasohor anu aya di Majalaya, nyaéta grup “Gandari Kiwari”. Grup “Gandari Kiwari” anu diadegkeun taun 1995 ieu dipupuhuan ku Abah Dedi Gandari. Ieu grup téh perenahna di Kp. Rumacaang RT. 03 RW.06 Desa Wangisagara Kecamatan Majalaya. Salah sahiji lagu anu dipopulérkeun ku grup “Gandari Kiwari” ieu nyaéta lagu Girimis Munggaran anu disanggi ku Iik Setiawan. Lian ti kitu, grup “Gandari Kiwari” ieu remen ilubiung dina pasanggiri-pasanggiri calung kalayan jadi pinunjul. Salah sahiji préstasi anu dicangkingna nyaéta Pinunjul 1 Gending Pasanggiri Calung Se-Jawa Barat ke-II anu dilaksanakeun ku Radio Republik Indonésia Bandung Taun 1998.

### **3.3. Téhnik Panalungtikan**

#### **3.3.1. Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan nyaéta sakumna pakakas/alat anu dipaké ku panalungtik dina kgiatan panalungtikanana, pikeun ngumpulkeun data tur satulunya bisa diolah sangkan bisa ngahontal tujuan panalungtikanana. Instrumén-instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan téh, di antarana:

- 1) Kaméra Digital

Kaméra digital digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kgiatan-kgiatan panalungtikan dina wangun foto jeung video, kayaning obsérvasi lapangan anu aya pakaitna jeung hal-hal ogé prak-prakan kasenian calung.

## 2) Alat Rékam

Handphone mangrupa alat nu dipaké pikeun ngarékam sora, motrét jeung midio kagaitan wawancara nalika lumangsungna panalungtikan, dina léngkah ngumpulkeun data ngeunaan kasenian calung.

## 3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dirancang pikeun ngawawancara narasumber nu mikanyaho kana kasenian calung, sangkan bisa lumangsung kalayan lancar nalika prosés wawancara. Sakumaha nu diébréhkeun ku Sahir (2022, kc. 6) yén panalungtikan kualitatif kudu dirojong ku pangaweruh panalungtik anu jembar, sabab panalungtik ngawawawancara langsung nu jadi objék panalungtikan. Ku kituna. Panalungtik nyusun sababaraha patalékan anu digunakeun pikeun wawancara, kayaning di ieu di handap.

**Tabél 3.2 Instrumén Wawancara**

| Data Informan |   |
|---------------|---|
| No.           | Patalékan   |
| 1.            | Wasta :   |
| 2.            | Umur :  |
| 3.            | Pakasaban :   |
| 4.            | Atikan :  |
| 5.            | Alamat :  |
| 6.            | Kalungguhan :   |
| 1.            | Dina acara naon biasana seni calung dipintonkeun?                                 |
| 2.            | Masih dipaké teu kasenian calung dina jaman ayeuna?                               |
| 3.            | Naon waé anu perlu ditataharkeun pikeun mintonkeun kasenian calung?               |
| 4.            | Waditra naon waé anu dipaké dina kasenian calung?                                 |
| 5.            | Kumaha prak-prakanana mintonkeun kasenian calung?                                 |
| 6.            | Iraha waktu lumangsungna kasenian calung?   |
| 7.            | Saha waé nu ilubiung dina kasenian calung?  |
| 8.            | Naon fungsina dilaksanakeun kasenian calung téh?                                  |
| 9.            | Naha aya ritual husus nalika mintonkeun kasenian calung?                          |
| 10.           | Naha aya parobahan dina kasenian calung ti bihari nepi ka kiwari?                 |
| 11.           | Lagu-lagu naon waé nu sok dipintonkeun dina kasenian calung téh?                  |
| 12.           | Kumaha formasi (pola pintonan) kasenian calung?                                   |
| 12.           | Naha aya parobahan dina prak-prakan jeung waditra nu dipaké dina kasenian calung? |
| 13.           | Ajén budaya naon nu nyampak dina waditra anu dipaké dina kasenian calung?         |
| 14.           | Ajén budaya naon waé nu nyampak dina sakumna prak-prakan minton kasenian calung?  |

### **3.3.2. Téhnik Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan, panalungtik maké téhnik ngumpulkeun data ku cara obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi (Soegiyono, 2013, kc. 225).

- 1) Obsérvasi, dilakonan ku panalungtik nalika ilubiung kana kaayaan sosial nu lumangsung di lapangan. Dina ieu léngkah, panalungtik sacara jero neuleuman hal-hal nu katempo, kadéngé, jeung karasa nalika di lapangan.
- 2) Wawancara, dilakonan ku panalungtik ku cara nyusun instrumén wawancara nyaéta patalékan-patalékan anu diajukeun ka informan. Tuluy, hasil wawancara téh dicatet tur dirékam, ieu téh anu bakal jadi sumber data panalungtikan.
- 3) Dokuméntasi, dilakonan ku panalungtik ku cara ngadokuméntasikeun sakumna hal nu lumangsung di lapangan nalika ngalaksanakeun panalungtikan ti mimiti nepi ka ahir anu patalina jeung kasenian calung.

## **3.4. Analisis Data**

### **3.4.1. Téhnik Analisis Data**

Sabada data kakumpul, panalungtik ngidéntifikasi tuluy dianalisis ku cara métode déskriptif. Anu didéskripsikeunana nyaéta prak-prakan kasenian calung, waditra-waditra anu dipaké dina kasenian calung, peran jeung fungsi kasenian calung, jeung ajén budaya anu nyangkaruk dina kasenian calung, dilakonan sangkan ngajawab pasualan-pasualan nu aya dina rumusan masalah.